# «ҒӘРИП-АШЫҚ» ДӘСТАНЫНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ БАҚСЫЛАРЫНЫҢ МИЛЛИЙ РЕПЕРТУАРЫНАН ОРЫН АЛЫЎЫ

**Есебаев Марат Матекович**

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогика институты*

**Резюме:** Мақолада қорақалпоқ бахшиларининг севиб ижро қилиб келаётган достонларидан бири «Ғариб ошиқ» (Ғәрип-ашық») ҳақида сўз юритилади. Мазкур достоннинг бугунги кунгача етиб келишида қорақалпоқ бахшиларининг ўрни алоҳида. Чунки улар бу достонни бир-бирига ўргатиб, устоз-шогирдлик анъаналари билан авлоддан авлодга етказиб келган. Бахшичилик санъатининг ўсиб ривож топиши бахшичилик мактабларига бориб тақалади. Бундай мактаблар қаторига Суёв бахши, Ақимбет бахши, Муса бахши, Арзи бахши, Оринбай бахши кабиларни киритиш мумкин. «Ғәрип-ашық» достонининг ушбу мактаблар орқали тарқалиб қорақалпоқ бахшиларининг репертуаридан кенг ўрин олганлиги таҳлил қилинади.

**Таянч сўзлар:** достон, генезис, сюжет, мотив, фольклор, вариант, версия, образ, бақши.

**Резюме.** В статье говорится об одном из эпосов, исполненных каракалпакскими бахшиами, «Гарибашык». Особую роль в развитии этого эпоса и по сей день играют каракалпакские подарки. Потому что они учили эту историю друг друга и передавали ее из поколения в поколение с традицией наставника-ученичества. Развитие искусства бакшики восходит к школам бакшики. К таким школам относятся Суйовбакши, Акымбетбакши, Муса бакши, Арзибакши, Оринбайбакши. анализируется, что эпос «Гарып-ашык» распространился через эти школы и занял широкое место в репертуаре каракалпакских бахши.

**Ключевые слово:** эпос, генезис, сюжет, мотив, фольклор, вариант, версия, образ, бақши.

**Summary.** The article talks about one of the epics performed by Karakalpak bakhshis, “Garyp-ashyq”. Karakalpak gifts have a special role in the development of this epic to this day. Because they taught this story to each other and passed it on from generation to generation with the tradition of mentor-discipleship. The development of the art of bakshiki goes back to the schools of bakshiki. Such schools include Suyov Bakshi, Aqimbet Bakshi, Musa Bakshi, Arzi Bakshi, Orinbay Bakshi. It is analyzed that the epic "Garyp-ashyq" spread through these schools and took a wide place in the repertoire of Karakalpak bakhshis.

**Key words:** epic, genesis, plot, motif, folklore, variant, version, image, bakshi.

Қарақалпақ халқы көп ғана қаҳарманлық дәстанлар менен бир қатарда бай ашықлық дәстанларына ийе. Ашықлық дәстанлар қарақалпақлар арасында ҳәм

басқа да туўысқан ҳәм түркий халықлар арасында узақ ўақытлардан пайда болып қәлиплесип, ҳәзирге шекем атқарылып келеди. Олардың ишинен халық арасына кең тарап, бақсылардың турақлы репертуарларына киргенлеринен «Ғарип ашық», «Саятхан-Ҳәмире», «Ашық-Нәжеп» дәстанларын айрықша атап көрсетиўге болады.

Усы қарақалпақ ашықлық дәстанларын көбирек үйренген алымлардың бири Ә.Алымов былай көрсетеди: «Арзы мектеби Арал әтирапы диалектинде атқарыўшылық өнерин раўажландырғаны менен айырылады. Бул мектеп XIX әсирде пайда болғанына қарамастын XVI-XVII әсирде жасап, дөретиўшилик мийнет еткен Жийен, Халмурат, Шанкот, Жийемурат, Ешбай, Ниязымбет, Ақымбет ҳәм т.б. сыяқлы уллы жыраў, бақсыларының мектеплериниң раўажланған дөретиўшилик даўамы болып табылады» [Алымов Ә., 1983. – 142], – деп көрсетеди.

Қарақалпақ бақсыларының қәлиплесиў дәўири Хорезмге көшип келиўи менен тығыз байланыста болғанлығын көрсетди. Себеби, қарақалпақлардың тарийхый дереклерине қарағанда, мысалы: «Волга бойларында Ноғай ханлығында жасап атырған қарақалпақлар, ол ханлық орыс патшалығының қысымынан ыдырағаннан соң, XVI әсирдиң екинши ярымында Сырдәрья бойларына көшип келиўге мәжбүр болады. Олар XVII әсирде Әмиўдәрья бойларына келгеннен соң Хийўа ханлығы менен тығыз байланыста болады» [Қарақалпақстанның жаңа тарийхы., 2003., – 18], – деген мағлыўматлар бар. Соған қарағанда көбирек қарақалпақ бақсышылық өнериниң қәлиплескен дәўири Хорезмге көшип келгеннен кейин десек қәтелеспеген боламыз.

Белгили илимпаз Н. Дәўқараевтың көрсетиўинше: «Бул типтеги дәстанлар қарақалпақ халқының арасына XVII әсирден кейин, әсиресе XIX әсирдиң ишинде түркменлер, Хорезм өзбеклери арқалы ямаса қолжазба түринде таралған. Қарақалпақлардың арасында XIX әсирдиң ишинде узақ жасаған түркменниң атақлы бақсысы Сүйеўден ҳәм Хорезимли өзбек Ешбай бақсыдан үйренген, солардың стили менен айтады» [Дәўқараев Н., 1977., – 322], – деп көрсетеди.

Дәўқараевтың пикири бойынша дәстанлар XVII әсирден кейин келген шығар деп көрсетеди, бизиң пикиримизше дәстанлар қайсы әсирде қәлиплескен болса яғный «Ғәрип-ашық» дәстаны XVI әсирде қәлиплескен болса, демек, дәстанды атқарыўшыларда сол дәўирде қәлиплескен болыўы керек. Себеби, дәстанды жаратыўшылар да оны атқарыўшылар да жыраўлар менен бақсылар болған. XIV-XVI-XVII әсирлерде жыраўлар ҳаққында көп мағлыўматлар бериледи, демек, бул әсирлерде жыраўшылық өнери раўажланып бақсышылық өнери екинши дәрежели болып келген болыўы мүмкин. XIX әсирде жасаған классик шайырларымыз Күнхожа, Әжинияз Бердақлардың өзи де бақсышылық

пенен шуғылланған. Демек Күнхожа, Әжинияз Бердақ та бул бақсышылық өнерин кимнен болса да үйренген, олардың да устазлары болғанлығы анық. Демек, қарақалпақлар арасында бақсышылық өнери XIX әсирден бурын қәлиплескен, қайтама усы XIX әсирде қарақалпақ халқы арасында бақсышылық өнери көп таралған ҳәм раўажланыў басқышына көтерилген.

Бул пикиримизди беккемлеў ушын Қ.Мақсетовтың мийнетине жүзленемиз. Мысалы: «Бердақтың үйине мийман болып оның дослары Ақымбет бақсы, араллы Арзы бақсы, түркмен бақсысы Сүйеў, Өтеш шайырлар жийи келип туратуғын болған. Оның үстине олар бир неше мәртебе той мерекелерди де бирге саўған. Бул ўақыяларды Қ. Мақсетов 1957-жылы Ҳүрлиманның Аблатдин деген үлкен баласының ҳаялы Перне кемпирден жазып алған, Перне кемпирге Ҳүрлиман Бердақтың қызы айтып берген» [Мақсетов Қ., 1992. – 297], – деп көрсетеди. Бул мағлыўматларға қарағанда, XIX әсирде қарақалпақлар арасында бақсышылық өнери жүдә раўажланғанын көрсетеди.

Қ.Айымбетов та усындай пикирде болады, ол: «Қарақалпақ халық жыршыларының яғный бақсы, қыссахан ҳәм шайырлардың шығармалары менен репертуарлары XVIII-XIX әсирлерди өз ишине алып, бул дәўир Хорезм дәўири менен байланыслы екенлигин көрсете отырып, қарақалпақ бақсышылық өнериниң кең ен жайғанлығын атап өтеди» [Айымбетов Қ., 1968. − 107].

Усы XVIII-XIX әсирлерде бақсылар атқарған «Ғәрип-ашық» «Юсуп-Ахмет», «Саятхан-Ҳәмире» ҳәм «Гөруғлы» дәстанлары қарақалпақ бақсыларының турақлы репертуарларына кирген. Бул дәстанларды классик шайырларымыз Күнхожа, Әжинияз, Бердақларда атқарған. Бул дәстан қаҳарманларының аты, ўақыялары, дәўири менен географиялық орталығы, қала, жер, суў атлары өзгермейди, өзгерсе де айтарлықтай емес. Бүгинги күнге шекем ҳәмме вариантларында сақланып қалған.

«Ғәрип-ашық» дәстанының қарақалпақ бақсыларының репертуарынан орын алыўы жоқарыда айтқанымыздай Хорезм ҳәм Түркмен бақсыларының тәсири күшли болғанлығын көремиз. Бириншиден, әлбетте, бул халықлар менен бир аймақта жасаўы себепши болса, екиншиден оларға қарақалпақ бақсыларының шәкирт болып түсиўи ҳәм оларды өзлерине устаз тутынып, олардың атқарыўшылық шеберликлерин үйрениўи болды. Мине, усы устаз-шәкирт дәстүрлери усы үш ел бақсылары арасында дәстүрге айланып олардың арасындағы дослық қатнас күн сайын беккемленип барды.

Бул пикиримизди Н.Дәўқараевтың илимий мийнети арқалы көрсетиўимизге болады. Мысалы: «Ҳәр бир мектеп бақсылары өзиниң айтыў техникасына ҳәм репертуарына ийе болған. 1. Сүйеў түркмен бақсысы, оның шәкиртлери: Жапақ, Бала бақсы, Жаңабай ҳәм басқалар, булардың айтыў техникасында Хорезм дәстүри күшли ҳәм өзбек тилиниң Хорезм (араллы)

диалектисинде айтады. Намаларда да көп өзгерислер бар», - деп көрсетеди. Муўса бақсының шәкиртлери: Есжан, Жуман, Қаражан, Патилла, Аймурза, Кәлбала, Сапар, Тыныбай ҳәм тағы басқалар. Булар таза қарақалпақ тилинде, қарақалпақ намаларына қарақалпақ қосықларын ҳәм қарақалпақ тилине аўдарылған «Ғәрип ашық», «Юсуп-Ахмет», «Саятхан-Ҳәмире» қусаған ашықлық дәстанларды айтады» [Айымбетов Қ., 1968. − 103], - деп көрсетеди.

Қарақалпақ бақсышылық өнериниң шығысы ҳаққында Қ.Айымбетов былай келтиреди: «Араллы өзбеклердиң бақсылары түркменлер ҳәм қарақалпақ бақсылары менен репертуар алмастырып бир-бири менен қатнасып отырған, мине, сонлықтан айтатуғын намалары да бир-бири менен араласып кеткен. Бақсылар айтатуғын көп намаларға, өзбек ҳәм қарақалпақ бақсылары ортақ. Түркменниң атақлы бақсысы Сүйеў бақсы араллы өзбеклерден көп шәкиртлер таярлаған. Олардан, Әдилбай оның шәкирти Орынбай, Жаңабай, Төре бақсылар болған. Араллы өзбеклериниң белгили бақсылары Қутым, Аллияр, Гүрбек, Әдилбай, Жаңабай, Орынбайлар» [Мақсетов Қ., 1996. – 149] болғанлығын атап өтеди.

Жоқарыда келтиргенимиздей Сүйеў бақсыдан да бурын да бақсылар болған атап айтқанда Аташ, Ғәрипнияз, Нуржан, Өтеш бақсыларды атап өтеди. Көрип турғанымыздай қарақалпақ бақсышылық өнери Түркмен, Хорезм, Араллы өзбек бақсылары менен усындай дослық қатнасықлардың нәтийжесинде олар менен устаз-шәкирт, бир-бири менен атқарыў усылларын алмасып, музыка, нама сырларын бир-биринен үйренип тәжирийбелер арттырып оны қайта ислеп раўажландырып өзлериниң репертуарларын кеңейтип барған.

Усындай дослық бирге ислесиўлер, әсиресе, Муўса бақсы менен Сүйеў бақсы екеўи бир-бири менен тығыз қатнасқан, олар бир-бириниң репертуарындағы намаларды бир-бирине алмасып үйретип келген. Соның ушында Н.Дәўқараев Муўса бақсының шәкиртлери таза қарақалпақ тилинде айтады деп көрсеткени дурыс. Себеби, Муўса бақсыға шәкирт түсип Муўса бақсының жолы менен ҳәм жоқарыда көрсетилген дәстанларға да қайта ислеў берип, намаларға да ислеў берип сап қарақалпақ тилинде айтқан.

Қарақалпақ атқарыўшыларының бул уллы хызметлерин көп изертлеген, қарақалпақ фольклорының тийкарын салыўшы Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов ҳәм көркем өнер илимлериниң кандидаты Т.Адамбаевалардың көрсетиўинше: «Оларды атқарыў өзгешеликлерине қарай Ақымбет-Муўса мектеби, Сүйеў мектеби, Арзы мектеби, Орынбай мектеби деп төрт мектепке ажыратады. Әлбетте, булар шәртли түрде бөлинген болып, ретинде олардың да арасында айырмашылық белгилери ушырасады» [Алымов Ә., 1983. – 142], - деп көрсетеди. Усы мектеплердиң барлығының да репертуарларында «Ғәрип

ашық», «Юсуп-Ахмет», «Саятхан-Ҳәмире» қусаған ашықлық дәстанлар тийкарғы орынды ийелеген.

Себеби, усындай ҳәр бир мектептиң атқарыў шеберлиги, намаларының атқарылыў техникасы, олардың өз алдына жөнелиси болған. Бақсылар услайынша шынжырма-шынжыр әсирлер бойы бири-бирине устаз-шәкирт түсип, устаздан пәтия алып ҳәм устаздың атқарған намаларын, дәстанларын пухта үйренип соның жолы менен атқарып кейинги әўладқа жеткерип келген. Бақсылардың көпшилигинде тийкарынан төкпе шайыршылық уқыбы да болған, олар йошып арқасы көтерилип қозған ўақтында импровизаторлық уқыпқа да ийе болып өзиниң ядынан да суўырып салып, тоқып айтатуғын дәрежеде болған.

Усындай бақсышылық жолы қарақалпақ халқында толық қәлиплесип, раўажланып өзлериниң намаларына, қосықларына, дәстанларына ийе болды. Өзлериниң жеке атқарыў репертуарына, шеберликлерине, усылларына ийе болды, оларды жетилистирип байытып өзлериниң шәкиртлерине үйретип әўладтан-әўладқа жеткерип барды.

Биз жоқарыда айтып өткен Ақымбет бақсы қарақалпақ бақсышылық өнерин раўажландырған ҳәм өзиниң избасарларын, яғный шәкирт таярлаған биринши бақсылардың бири. Оның шәкиртлери Муўса, Еденбай, Байнияз, Хожа бала, Досназар бақсылар болған. Солардың ишинде атағы шығып халыққа танылғанлары Муўса бақсы менен Еденбайлар ең айтқыш бақсылар болып жетилискен. Бул еки бақсы қарақалпақ бақсышылық өнерин шыңларға көтерип, бақсышылық өнериниң репертуарларын кеңейтип Муўса бақсы намалары ҳәм Еденбай бақсы намалары болып еки топарға бөлинип атқарылған.

Муўса бақсының шәкиртлери Есжан, Жуман, Қаражан, Патилла, Аймурза, Кәлбала, Сапар, Тыныбай ҳәм тағы басқаларды шәкирт етип тәрбиялап шығарған. Усы бақсылар менен қатар заманлас болған Бердақ шайырдың қызы Ҳүрлиман бақсы да жетилисип шыққан. Ҳүрлиман әкеси Бердақтан тәлим алған оннан бақсышылық сырларын үйренген. Булар қарақалпақ намаларын қарақалпақ қосықларының шебер атқарыўшылары болған.

XIX әсирдиң өзинде қарақалпақ халқында бақсышылық өнери жүдә тез пәт пенен раўажланған. Усы дәўирде Бердақ шайыр Ақымбет, Муўса бақсылар менен заманлас болған олар менен тығыз байланыста болып, оларға көп нәрсени үйреткен де ҳәм өзи де көп нәрсени үйренген. Оларға шайыршылығы ҳәм бақсылығы менен Бердақ үлкен тәсир жасаған. Буған мысал етип Бердақтың Ақымбет бақсыға, Муўса бақсыға арнап жазған қосықларын көрсетиўимизге болады. Мысалы, Бердақ өзиниң «Муўса бақсыға» деген қосығында Муўсаны «бақсылардың султаны», «таңландырған патша-ханды»,

«саз бенен ериткен жанды», «гүллендирген кеўил жазын» [Мақсетов Қ., 1996. – 285], – деп тәрийиплейди. Бул қосықтың даўаманда Бердақ, Еденбай, Халмурат, Байнияз, Өтен, Алланияз, Жуманияз, Қурбан, Шалабай, Қутлымурат, Сейтназар, Дурысберген, Бегнияз бақсылар ҳаққында сөз етеди. Көрип турғанымыздай XIX әсирде қарақалпақларда бақсышылық өнериниң гүллеп раўажланған дәўири болды десек қәтелеспеген боламыз.

XX әсирге келип усы уллы устазларының жолын даўам еттирип, өзлериниң репертуарларын байытып халықтың нәзерине түсип, минсиз хызмет еткен бақсылардан Қаражан бақсы, Айтжан бақсы, Байнияз бақсы, Жапақ бақсы, Есжан бақсы, Қыз бақсы Қәнигүл, Амет бақсы Тарийхов, Тилеўмурат бақсы, Генжебай Тилеўмуратов, Турғанбай Қурбановлар болды.

Булар усы XX әсирдиң жүдә шебер, талантлы, айтқыш бақсылары болды. Жоқарыда айтып өткен уллы устазларының мектебин көрген, тәрбиясын алған, олардан өрнек алған, олардың ҳәмме уқып-шеберликлерин, намаларын өзлеринде өзлестирген оны раўажландырған, репертуарларын байытып кейинги әўладқа устаз-шәкирт жолы менен жеткерген бақсылар болды.

«Ғәрип ашық» дәстанының қарақалпақ халық бақсыларының репертуарынан орын алары сөзсиз. Себеби, «Ғәрип ашық» дәстанында адам сезиминиң ағласы-мухаббатың хеш қандай да социаллық қатламлардың шегарасын мойынламайтуғын, ҳақыйқат муҳаббатқа бай, жарлы деген түсиниктен пүткиллей жоқары туратуғын Шахсәнем образы толық баян етиледи. Шахсәнем өзиниң Ғәрипке деген мухаббатында атасына, анасына да қарсы турады. Ол өзиниң бахытлы келешегин Ғәриптиң сүйиўшилигинде көреди. Мине, Ғәрипке болған муҳаббатының қасында мал-дәўлет, көшки-сарай, бағы-ҳәремлер хеш нәрсеге турмайды. Шахсәнем өз муҳаббаты ушын гүрескен, оған жан-тәни менен берилген, оны ҳәдден тыс қәдирлейтуғын тулға сыпатында сүўретленеди. Оның ақыл-парасаты, мақсети, өз муҳаббатына садық болыўы, оған ерисиўи, анасының қарсылығына, атасының зулымлығына, Шаўәлеттиң дузағына бет бурмай, өз ҳүжданы бойынша ҳәрекет етиўи буның айқын дәлили болады.

Шахсәнем образының сулыўлығы, айрықша әҳмийетлиги ең дәслеп оның ишки дүньясының сыртқы көринисине сай келиўи менен баҳалы. Оның сулыўлығы ҳәм ақыллылығы фольклордағы типлик дәрежеге көтерилген ҳаял-қызлардың образын аңлатып турады. Онда түрк халықлары поэзиясына тән болған қызлардың ең жақсы қәсейтлериниң жәмленгенлигин көриўимизге болады.

«Ғәрип ашық» дәстанына халық қосықларының бай түрлериниң шеберлик пенен ислетилгени көринип турады. Бул қосықлар дәстанда келтирилиўи менен халық арасында да кең таралған. Мысалы: «Ана мен дәртилини жандырма

енди», «Айра салдың», «Жаным моллам бир заман бул ярымды азат қыл», «Алар болсаң қул жайына ал Сәнем», «Балам сени бир аллаға тапсырдым», «Жан аға, қайда барасаң», «Барсам өлтирерлер, бармасам өлем», «Дәртиңнен», «Мениң гүлим ашылмас па», «Ярдың гүли келди, өзи келмеди», «Келер саллана-саллана», «Тамашасыны», «Ғәрибим», «Дағлыман-дағлы», «Сәнемжан», «Хош келдиң Ғәрибим сапа келипсең», «Нигарым», «Сәнемниң», «Бир яр саўдасына түстим де, келдим», «Рәҳәт көре алмадым сен яр кеткели», «Аман жеткер ярымды», «Егер намыс пенен ар маған не әйлер» [Мақсетов Қ., 1996. − 289]. Бул қосықлар «Ғәрип ашық» дәстанының аты ҳаўазасын бийик шыңларға көтерди. Ғәрип ашық пенен Шахсәнемниң муҳаббаты тиллерде дәстан болды оны пүткил халық болып жырлады. Бул «Ғәрип ашық» дәстанын жырламаған, бул қосықларды айтпаған бақсының өзи қарақалпақлар арасында жоқ десек қәтелеспеймиз. Соның ушын да «Ғәрип ашық» дәстаны қарақалпақ халық бақсыларының репертуарынан толық орын алды.  Бул қосықлар пүткил қарақалпақ халық поэзиясының ең гөззал қосықларынан есапланады.

Әлбетте, енди бундай қосықлар өз-өзинен атқарыла бермейди, оған ырғағын берип атқаратуғын жақсы хош ҳаўаз бақсы болыўы керек, оған сай намада болыўы керек, оған сай саз әсбаплары да болыўы керек. Булар айрықша орынды ийелейди. Н.Дәўқараевтың көрсетиўинше: «музыка қураллары «Қобыз, домбра, дуўтар, най, баламан, сыбызғы, шын қобыз, Сырнайларды саз дейди. Бақсылар айтатуғын қосықлардың түрлери дым көп. Сонлықтан олардың намасы да ҳәр түрли. Бақсылар көп намаға салып айтады. Бақсы айттырыў қарақалпақларда Орта Азияға, Хорезмге көшип келгеннен кейин көбирек раўажланған. Сонлықтан бақсылардың репертуарларында, намаларында шығыс халықларының тәсири күшли» [Дәўқараев Н., 1977. – 103.], – деп атап өтеди.

Әлбетте, қарақалпақ миллий намаларының қәлиплесип раўажланыўында қоңсылас Хорезм, Түркмен бақсыларының роли айрықша орынды ийелейди. Булардан намаларды пухта үйрениў арқалы жеке қарақалпақ намаларын қәлиплестирди. Қарақалпақ бақсылары тийкарынан дуўтар, най, баламан менен атқарып келген ал, айырым атқарыўшылар дуўтардың өзи менен де атқарған. Кейинги ўақытлары дуўтардың қасына гиржек қосылып биргеликте атқарылып келмекте.

«Ғәрип ашық» дәстанын бақсылар менен қосылып пүткил халық айтты десек болады. «Ғәрип ашық» дәстанының қарақалпақша версиясының сөз жағынан болсын, саз жағынан болсын қәлиплесиўинде үлкен дөретиўшилик мийнет еткен Ақымбет пенен Муўса бақсылардың мийнетлери оғада уллы. Олардың шәкиртлери болған Есщан бақсы менен Жапақ бақсыға дейинги қарақалпақ сөз шеберлериниң барлығы дерлик «Ғәрип ашық» дәстанын сүйип

айтқан ҳәм өз алдына версияларының қәлиплесиўинде қосқан үлеси айрықша болды.

Жуўмақлап айтқанда «Ғәрип ашық» дәстанының халық арасына кеңнен таралып сиңисип кеткенлиги соншелли, ол биз жоқарыда келтирип өткен ҳәр бир бақсының репертуарларынан беккем орын алып ғана қоймастан, ал оның қосықлары ҳәр бир инсанның жүрегиниң төринен жай алған. Ышқы-муҳаббат туўралы сөз болғанда, халық биринши нәўбетте «Ғәрип ашық» дәстанындағы гөззал лирикалық қосықларды еслейди.

«Ғәрип ашық» дәстаны усындай үлкен тарийхый жолды басып өтип, өзиниң дәўирлик жолында халқымыздың руўхый мәдеткери, азығы болды, халық оннан заўықланды, еситип рәҳәтленди, өзине күш-қуўат алды. «Ғәрип ашық» дәстаны усындай уллы устаз бақсыларымыздың жолы менен шәкиртлери арқалы бүгинги ғәрезсизлик дәўири бақсыларына шекем жетип келди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Алымов Ә. Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1983.

2. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы (Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем). – Нөкис: Қарақалпақстан, 2003.

3. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. − Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.

4. Мақсетов Қ. Дәстанлар жыраўлар бақсылар. − Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.

5 Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1968.

6. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. − Нөкис: Билим, 1996.